Zouti sou Konfidansyalite Minè yo

Modèl Ekriti a:
Rapòtè Obligatwa k ap Pale nan Lekòl la

Sa se yon modèl ekriti pou defansè ki travay nan jiridiksyon kote yo se rapòtè obligatwa. Nan script sa a, defansè yo ap pale ak yon gwoup jèn jèn nan lekòl la. Nou espere ou pral revize ekriti sa a pou konfòme avèk bezwen ou yo, ki gen ladan estil lapawòl ou, bezwen minè yo ou sèvi, lalwa nan jiridiksyon ou, ak bezwen yo nan òganizasyon ou.

Bonjou, non mwen se _____, epi mwen travay nan _____. Òganizasyon nou bay sèvis gratis pou _____.

Mwen isit la jodi a pou mwen pataje kèk enfòmasyon sou [vyolans domestik / atak seksyèl / menas / abi timoun]. Vyolans sa gen yon enpak sou anpil moun nan kominote nou, ki gen ladan anpil nan nou nan sal sa a. Gen kèk nan sa mwen di ka familyè pèsonèlman, epi ou ka gen kesyon oswa enkyetid sou ki ou vle pale.

Mwen pral ba ou yon ti tan pou poze kesyon, men premyèman mwen vle pataje kèk enfòmasyon enpòtan, ki gen rapò ak vi prive. Òganizasyon nou kwè fòtman nan dwa yon sivivan pou deside sa ki pi bon pou yo ak pou kontwole sa k ap pase avèk enfòmasyon yo. Poutèt sa, nou vle ou konprann sa k ap pase avèk nenpòt enfòmasyon ou pataje avèk mwen jodi a oswa avèk lòt moun nan [Name of Organization] nan pidevan an.

Mwen se yon rapòtè obligatwa sou abi timoun. Anjeneral, sa vle di si mwen konnen oswa mwen sispèk ke yon timoun te abize oswa neglije, mwen oblije rapòte li [bay lapolis oswa bay sèvis pwoteksyon pou timoun]. Menm si mwen se yon rapòtè obligatwa sou abi timoun, ou ka rele liy telefonik asistans an prive, epi ou pa bezwen bay non oswa laj ou, si ou gen kesyon sou yon bagay ki te rive ou oswa yon moun ou konnen,. Si ou bay non ou oswa nimewo telefòn ou, enfòmasyon sa a ta ka dwe pataje si yo dwe fè yon rapò.

Mwen vle onèt avèk ou sou responsablite rapòtaj obligatwa mwen paske byenke pafwa rapòtaj se egzakteman sa yon sivivan vle, pafwa se pa ka a. Si ou vle pale ak yon moun sou abi ou, yon zanmi, oswa yon manm lafanmi ap eksperyanse, mwen la pou pale avèk ou. Men, tanpri konnen ke toudepann sou sa ou di mwen, mwen ka pa kapab kenbe enfòmasyon sa prive; Mwen ka oblije rapòte li.

Sepandan, menm si mwen se yon rapòtè obligatwa, se pa tout moun ki youn. Gen moun ou ka pale avèk anprive ak konfidansyèlman ki pa oblije fè yon rapò. Ou ka jwenn yon nan lis kèk moun sa yo, toude nan òganizasyon nou ak nan òganizasyon yo kote anplwaye nou yo te travay avèk ak gen konfyans nan yo, nan feyè m ap bay nou.

Nou vle ou chwazi sèvis ki ta pi itil pou ou. Nou espere prezantasyon sa a bay enfòmasyon an ou bezwen konsa ou ka jwenn sipò si ou bezwen li.

Epitou, mwen te pote yon "Bwwat Kesyon" avèk mwen. Lè mwen fini avèk prezantasyon mwen, mwen pral mande nou chak pou ekri yon bagay sou yon moso papye mwen te bay nou: Yon kesyon, yon kòmantè, kèk fidbak sou prezantasyon mwen jodi a - ou deside. Lè sa a, pliye papye a epi mete li nan bwat kesyon an. Menm si ou pa gen yon kesyon pou nou, lè ou ekri yon bagay, li pral ede pwoteje vi prive moun ki te ekri yon bagay.

Finalman, tanpri pran swen tèt ou toude pandan ak apre prezantasyon sa a. Nou eseye kreye yon espas ki ansekirite isit la; èske gen yon lòt bagay nou ta ka fè ki ta ka ede ou santi pi alèz?

Èske nou gen nenpòt kesyon anvan mwen kòmanse?

© 2018 Victim Rights Law Center. Pwojè sa a te sipòte pa nimewo sibvansyon 2015-TA-AX-KO25 grasa Biwo Vyolans Kont Fanm yo nan Depatman Lajistis Etazini. Opinyon, prèv, ak konklizyon yo eksprime se sa yo ki soti nan men otè a (yo) epi yo pa nesesèman reprezante opinyon yo nan Depatman Lajistis Etazini a.